


# ETNONIMLERDIŃ IZERTLENIW MÁSELESI

**Nesibeli Baltaniyazova Teńelbaevna**
Berdaq atındaǵı QMU magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.16032930

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 07-Iyul 2025 yil
Ma'qullandi: 11-Iyul 2025 yil
Nashr qilindi: 17-Iyul 2025 yil

**KEYWORDS**

*tariyx, til bilimi, etnik qatlamlar, etnonimika, uruw, millet, xalıq, etnogenetika.*

**ABSTRACT**

*maqalada til biliminiń onomastika, onıń etnonim tarawınıń áhmiyeti, izertlew obyekti hám basqa da tariyx, ádebiyat, etnografiya, sociologiya sıyaqlı ilimler menen baylanıslı izertleniwi hám ózine tán ózgeshelikleri haqqında sóz etilgen.*

Qaraqalpaq til biliminde toponimika jer-suw atamaların úyretiwshi ilim bolsa, etnonimika onamastika tarawınıń bir shaqabı, yaǵnıy xalıqtıń kelip shıǵıwı, qáliplesiwin úyretedi. Bul social-gumanitar pánlerde "etnos", "etnik birlik" terminleri sıpatında qollanılıp kelinedi. Etnos ataması tar hám keń mánilerde túsiniledi. Máselen, dúnya xalqı, Amerika xalqı, Rossiya xalqı, Ózbekstan xalqı, Qaraqalpaqstan xalqı, rayon xalqı hám basqa da kishi topardaǵı adamlarǵa qarata da "xalıq" ataması qollanıladı. Etnik birlik anıq shárayatta, tábiyiy-táriyxıy rawajlanıw procesinde payda bolǵan sociallıq birlespe esaplanadı. Ilimde etnik birlik basqıshınıń úsh túri bar: qáwim, elat, millet.

Qáwim, uruw, el, xalıq, millet atamaları ilimde **etnonimler** dep ataladı. Etnonim grekshe ethnos – "xalıq", onyma – "at, ism, atama" sózlerinen kelip shıqqan [1:10-18]. Áyyemgi dáwirlerde etnonimler uran, urıw, tańba retinde paydalanılıp, urıw, taypa, el, xalıq atları menen, solardıń ishinen shıqqan urıw basshıları, aqsaqal, batırlarınıń ismleri menen de atalǵan hám jer-suw atları retinde de qollanılǵan. Etnonimlerdiń kelip shıǵıw, payda bolıw táriyxın izertlewshi- etnonimika onamastikanıń bir tarawı esaplanadı. Etnonimika belgili bir tildegi urıw, qáwim, elat, millet hám basqa da etnikalıq birliklerdiń atların jıynaw, olardıń payda bolıwı, atalıwındaǵı tiykarǵı motivler, atamalardıń sózlik quramı, ondaǵı substrat hám adstrat materialdıń ornı, etnonimlerdiń máni hám etimologiyası, jasalıwı, etnonimlik sózliklerdi dúziwdiń tártip-qaǵıydaları sıyaqlı máseleler menen shuǵıllanadı.

Til biliminde "etnonim" termini boyınsha hár qıylı pikirler bar. Tilshi ilimpaz A.S. Polyakovtıń «К вопросу о содержании понятия «Этноним» maqalası dıqqatqa ılayıq. Maqalada etnonim termini boyınsha ilimpazlardıń tartıslı pikirleri, kóz qarasları keltirip ótilgen: "A.A. Belskiydiń etnonim tuwralı anıqlamasında etnonimler antroponimlerge tiyisli bolǵan koynonimlerdiń (koynonim – bul bir neshe avtorlardıń ulıwmalıq laqabı – B.N) bir túri dep keltirilgen. Al, A.V. Superanskiy etnonimlerdiń onomastikalıq toparǵa nadurıs kirgizilgenin ayta kelip, negizinen etnonimlerdi leksikalıq kategoriyanıń bir túri retinde qaraydı" [2].

Etnonimika toponimika menen de tığız baylanıslı. Geypara, jer-suw, elatlı punkt, sonday-aq, qala atlarına urıw, qáwim, xalıq atları qoyılǵan. Sonıń menen birge, ayırım etnonimler jer-suw atamalarına baylanıslı kelip shıqqan. Urıw, qáwim, xalıq atlarınıń kelip shıǵıwı, payda bolıw sebepleri xalıqtıń ásirler dawamındaǵı tariyxı menen baylanıslı. Sonlıqtan da, xalıqtıń etnikalıq quramın hám genezisin anıqlawda etnonimlerdiń áhmiyeti úlken. Házirgi kúnde etnonimler etnonimika, táriyx, etnografiya, til bilimi sıyaqlı ilimler menen tığız baylanıslı halda úyrenilip kelinbekte. Etnonimlerdiń izertleniwine názer awdaratuǵın bolsaq, etnonimler dúnya til biliminde de, túrkiy til biliminde de hár tárepleme izertlengeniniń gúwası boldıq.

Dúnya til biliminde etnonimika boyınsha Moskvadaǵı N.N. Miklixo-Maklaya atlı etnografiya institutınıń 1967-jılı dúzilgen «Onomastika» toparı qánigeleri arnawlı izertlewler alıp barǵan. V.A. Nikonov basshılıǵında topar aǵzaları etnonimler máselesi boyınsha «Этнонимы» [3] atlı maqalalar jıynaǵın birinshi ret basıp shıǵardı. Onda jigirma jeti alımnıń etnonimika boyınsha tayarlaǵan maqalaları bar. Bul maqalalar jıynaǵı jáoccasionally jáǵriyalanǵannan baslap etnonimlerdi izertlew máselesi qolǵa alındı hám ilimiy miynetler, monografiyalar, ilimiy maqalalar baspadan shıǵa basladı. Bunday miynetlerdiń qatarında professor A.I. Popovtıń «Названия народов СССР» [4] degen monografiyasın kórsetiwge boladı. Bul miynet eki bólimnen turadı. Kitaptıń birinshi bóliminde skif, sarmat, frakiy, got, gunn, bolgar, xazar, avar, slavyan, ant, dum, rus, varya getnonimleri haqqında sóz etilse, al ekinshi bóliminde esti, chud, krevin, kors, ves, karel, saem, yam, vod, litva, golyad, jemont, merya, muromo, mordva, mariy, udmurt, komi, burtas, pecheng, gorx, berendey, chernıe klobuki, polovec, ugar, kasog, es, alban, iber, mansı, xantı, nenec, enc, iganasan, selkup etnonimlerin tariyxıy – etimologiyalıq hám lingvistikalıq kózqarastan tallanǵan.

D.G. Tumashevanıń Batıs Sibir tatarlarınıń etnikalıq baylanısları haqqında jazǵan maqalasında qıtay (qara qıtay, qatay, ktay, kiden), telew (teli), joqsaba (toqsaba), qańlı etnonimleri, olardıń antroponim hám toponimler menen baylanısı tuwralı sóz etilgen.

Túrkiy xalıqlar etnonimikasın úyreniwge belgili rus tyurkologları N. Aristov, V.V. Radlov, V.V. Bartold, S.P. Tolstov, S.M. Abramzon, L.V. Gumilyov, D.Ye. Yeremeyov, N.A. Baskakov, L.V. Zuyev, A.N. Xanikov, B.A. Jdanko, A.A. Valitov hám basqa da kóplegen ilimpazlar úlken úles qostı. Tuwısqan túrkiy tillerde, sonıń ishinde ózbek, qazaq, qırǵız til biliminde de etonimler arnawlı túrde izertlengen. Ózbek etnonimlerin úyreniw boyınsha I.I. Umnyakov, K. Shoniyozov, B. Ahmedov, A. Asqarov sıyaqlı táriyxshı alımlar, X. Doniyorov, S. Qoraev, E. Begmatov, T. Nafasov, N. Oxunov, K. Marqaev, N. Begaliev h.t.b tilshi alımlar kóp ǵana izertlewler alıp barǵan. Ózbek til biliminde etnonimika toponimika menen antroponimikaǵa qaraǵanda onsha kóp izertlenbegen tarawlardan esaplanadı. Bul boyınsha arnawlı izertlew jumısları az. K. Shoniyozovtıń "К этнической истории узбекского народа" [5], "Ózbek xalqınıń qáliplesiw procesi" [6], B.Ahmedovanıń "Ózbek ulısı" [7] sıyaqlı kitapları baspadan shıǵarılǵan.

K.Shaniyazovtıń «К этнический истории узбекского народа» degen monografiyasında qıpshaqlar haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen hám qıpshaqlardıń urıw-qáwimlerge bóliniwi kórsetilgen. Avtor bul miynetinde XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basında Ferǵana oypatlıǵında jasaǵan qıpshaqlardı taza qıpshaq, qırǵız-qıpshaq, qıtay qıpshaq hám sart qıpshaq dep 4 toparǵa bólip qaraǵan. N. Begalievtıń "Ózbek etnonimleri táriyxınan" atlı

shıǵarmasında 92 ózbek uruwları dizimi [8:23-25], qońırat qáwimi hám onıń uruwlar shejiresi [8:51-56] berilgen hám de bir qatar túrkiy uruw hám qáwim atlarınıń etimologiyasına baylanıslı qızıqlı maǵlıwmatlar keltirilgen.

Sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq istoriografiyasınıń úlken tabısı retinde «Очерки истории Каракалпакской АССР» atlı qaraqalpaq xalqınıń tariyxı boyınsha juwmaqlawshı miynetti kórsetiwge boladı. Miynet qaraqalpaq xalqınıń áyyemgi, orta ásirdegi hám jańa tariyxı boyınsha kóplegen tariyxıy, arxeologiyalıq, lingvistikalıq, antropologiyalıq hám folklorlıq materiallardıń sintezi tiykarında jazılǵan. T.A. Jdankonıń «Очерки исторической этнографии Каракалпаков» [9] degen miynetinde qaraqalpaq urıwlarınıń jaylasıw orınları kartalar arqalı kórsetilgen. Urıw hám qáwimlerdiń strukturalıq sxeması dúzilgen. Urıwlardıń tamǵası, uranı haqqında, kelip shıǵıw tariyxı haqqında xalıq arasınan jıynalǵan materiallardan ápsanalar keltirilgen. Bul miynette 11 karta, 16 tablica berilip, eń sońında urıw hám qáwim atlarınıń dizimi berilgen.

L.S. Tolstova hám A. Ótemisovtıń «Уточнение некоторых вопросов этногенеза Каракалпаков» [10] degen maqalasında Taxtakópir rayonı qaraqalpaqlarınan jazıp alǵan tariyxıy legendalar sóz etilgen. Maqalada qaraqalpaqlardıń múyten urıwınıń kelip shıǵıw tariyxı haqqında legendalar berilgen. Múytenler jaylasıw ornına qaray Arallı múytenler hám Zarafshan múytenleri dep bólingen hám olardıń bóliniw sxeması da berilgen. Sonday-aq, Taxtakópir rayonınıń etnografiyalıq kartasın, yaǵnıy rayon territoriyasında qoldawlı, qostamǵalı, qaramoyın, ırǵaqlı, teristamǵalı, múyten, qıtay, qıpshaq urıwları menen birge, qazaqlardıń jaylasıw orınların shártli belgiler menen kartaǵa túsirgen. L.S. Tolstovanıń «Этнографический группа «митан» в составе узбеков Самаркандской области» [11] degen maqalasında 1963-jılı Zarafshanda ótkerilgen etnografiyalıq ekspediciya waqtında *mitan (múyten)* etnonimi haqqında jıynalǵan materiallar berilgen. Maqalada Samarqand oblastınıń Ishtıxan hám Nurata (házir Nawayı oblastına qaraydı) rayonlarında jasaytuǵın múytenlerdiń hám olardıń shuǵıllanatuǵın kásibi haqqında maǵlıwmatlar berilgen, Samarqandtaǵı qaraqalpaqlardıń, sonday-aq múytenlerdiń jaylasqan ornı kartaǵa túsirilgen. *Múyten (mitan, moytán)* etnonimi haqqında L.S. Tolstovanıń basqa miynetlerinen de ushıratıwǵa boladı.

Qaraqalpaq til biliminde etnonimler boyınsha házirgi kúnge shekem olardıń kelip shıǵıwı, etimologiyası haqqında pikir júrgizilgen, biraq ta qaraqalpaq etnonimleriniń leksika-semantikalıq ózgeshelikleri, morfologiyalıq qurılısı, sóz shaqaplarına qatnası, qollanılıw ózgeshelikleri arnawlı túrde izertlenbegen. Qaraqalpaq etnonimlerin hár tárepleme izertlew, etnonimler sózligin dúziw tiykarǵı máselelerden biri esaplanadı. Etnonimlerdi lingvistikalıq aspektte úyreniw teoriyalıq jaqtan da, ámeliy jaqtan da úlken áhmiyetke iye. Hár bir etnonim belgili bir táriyxqa iye boladı. Olardı úyreniw arqalı xalıqtıń táriyxına, tildiń táriyxına baylanıslı kóp maǵlıwmatlardı alıwǵa boladı. Hár qanday tildegi etnonimler sáykes tilde sóylewshi xalıq arasında, hátte basqa xalıqlar arasında da bárhama qızıǵıwshılıq tuwdırıp keledi.

## Paydalanılǵan ádebiyat:

1. Байраммырадов Г. Виды этнонимов и их семантика (на основе словарных данных) / Языка и културы народов мира: Межкультурная коммуникация. – Москва: РУДН, 2019.
2. Поляков А.С. К вопросу о содержании понятия «Этноним», xanderpolyakov@gmail.com

3. Никонов В.А Этнонимия. – Москва: ГРВЛ. 1970.
4. Папов А.И. Названия народов СССР. – Ленинград: Наука, 1973.
5. Шаниязов К.Ш. К этнической истории узбекского народа (историко-этнографическое исследование на материалах кипчакского компонента). – Ташкент: Фан, 1974.
6. Шаниязов К.Ш. Ўзбек халқининг шаклланиш жараёни – Ташкент: шарқ, 2001.
7. Ahmedov B. O'zbek ulusi. —Toshkent: A Qodiriy. 1992.
8. Begaliev N. O'zbek etnonimlari tarixidan. – Samarqand: Samarqand davlat chet tillari instituti, 2005.
9. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии Каракалпаков – Москва, Ленинград: 1960.
10. Толстова Л.С., Өтемисов А. Уточнение некоторых вопросов этногенеза Каракалпаков. – Нукус: Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана, 1963, №4.
11. Толстова Л.С. Этнографический группа «митан» в составе узбеков Самаркандской области – Нукус: Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана, 1963, №4.